

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen Kont Epatit A

## Ki Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Poukisa pou pran vaksen?

Epatit A se yon maladi nan fwa ki grav. Se viris epatit A (VEA [HAV]) ki lakòz pwoblèm sa a. HAV an gaye sòti nan yon moun ale nan yon lòt atravè kontak avèk pou pou moun sa ki enfekte yo, kote sa kab rive fasilman si yon moun pa lave men l yo kòrèkteman. Ou kap trape epatit A a nan manje, nan dlo, oubyen objè ki kontamine avèk HAV an.

Sentòm epatit A kapab gen ladan yo:

- lafyè, fatig, pèt apeti, noze, vomisman, epi/oubyen doulè nan jwenti yo
- doulè lestomak ki grav ak dyare (prensipalman nan timoun), oubyen
- jonis (pokò oubyen zye jòn, pipi fonsè, pou pou koulè ajil).

Sentòm sa yo abitye parèt ant 2 ak 6 semèn aprè ekspozisyon an epi yo kab dire pipiti pase 2 mwa, byenke gen moun ki kab pase 6 mwa anba maladi. Si w gen epatit A, ou kapab twò fèb pou w travay.

Timoun yo souvan pa gen sentòm yo, men grandèt yo genyen yo. Ou kapab gaye HAV an bay lòt moun san w pa montre sentòm yo.

Epatit A a kapab lakòz fwa a sispann fonksyone, epi lanmò, byen ke sa pa rive souvan epi li plis rive nan moun ki gen 50 an oubyen pi gran, epi moun ki gen lòt maladi fwa tankou epatit B oubyen C.

#### Vaksen epatit A kab anpeche epatit A a rive.

Se nan ane 1996 otorite yo te rekòmande vaksinasyon kont epatit A nan Etazini. Depi lè sa a, kantite ka sa yo otorite yo repòte chak ane nan Etazini yo bese sòti nan apeprè 31,000 ka yo pou rive nan pipiti pase 1,500 ka.

### 2 Vaksen Epatit A

Vaksen epatit A a se yon vaksen ki pa aktive (ki tiye). Ou pral bezwen **2 dòz** pou pwoteksyon k ap dire. Ou ta dwe pran dòz sa yo ak yon entèval omwen 6 mwa.

Dabitid, yo vaksinen timoun yo ant premye ak dezyèm anivèsè nesans yo (laj 12 mwa jiska 23 mwa). Timoun sa ki pi gran yo ak adolesan yo kapab pran vaksen sa a aprè 23 mwa. Grandèt ki pankò janm vaksinen epi ki ta

renmen gen pwoteksyon kont epatit A a, yo kapab pran vaksen sa a tou.

Ou dwe pran vaksen epatit A a si w:

- ap vwayaje nan peyi kote anpil lòt moun gen epatit A a,
- se yon gason k ap fè sèks avèk lòt gason,
- itilize dwòg ki pa legal yo,
- gen yon maladi fwa ki kwonik tankou epatit B oubyen epatit C,
- anba tretman avèk faktè-kowagilasyon konsantre,
- ap travay avèk zannimo ki enfekte avèk epatit A, oubyen nan yon laboratwa rechèch epatit A, oubyen
- kapab gen kontak pèsònèl pwòch avèk yon moun ou adopte nan yon peyi etranje kote ki gen anpil epatit A

Mande moun sa k ap ba w swen sante an si w bezwen plis enfòmasyon konsènan nenpòt pami gwoup sa yo.

Pa gen okenn pwoblèm nou konnen ki asosye ak lè yon moun ta pran vaksen epatit A a ansanm avèk lòt vaksen.

### 3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Fè moun sa k ap bay vaksen an konnen:

- Si w gen nenpòt alèji ki grav, ki kab menase lavi w.** Si ou te rive gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi ou aprè ou te pran yon dòz vaksen epatit A, oubyen ou te gen yon alèji grav a nenpòt pati nan vaksen sa a, nou kapab konsèye w pou w pa vaksinen. Mande moun sa k ap ba w swen sante an si w bezwen enfòmasyon konsènan konpozan vaksen an.
- Si w pa santi w byen.** Si ou genyen yon maladi ki modere, tankou si ou gen yon grip, ou kap pran vaksen an jodi a. Si ou genyen yon maladi ki modere oswa ki grav, ou dwe pwobableman rete tann jiskaske w refè. Doktè w kab ba w konsèy.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

**4****Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen**

Avèk nenpòt medikaman, san retire vaksen yo, gen yon chans pou gen efè segondè. Sa yo jeneralman pa grav epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Pifò moun ki pran vaksen epatit A a, yo pa gen okenn pwoblèm avèk li.

**Ti pwoblèm piti** ki kab rive aprè w fini pran vaksen epatit A, se:

- doulè oubyen mak wouj kote yo te pike po w lan
- yon ti lafyèv ki pa fò
- maltèt
- fatig

Si pwoblèm sa yo rive, anjeneral yo kòmanse touswit aprè vaksen an epi yo dire 1 jou oswa 2 jou.

Doktè w lan kab ba w piplis enfòmasyon konsènan reyaksyon sa yo.

**Lòt pwoblèm ki kapab rive aprè vaksen sa a:**

- Pafwa moun yo pèdi konesans aprè yon pwosedi medikal, tankou aprè yon vaksen. Si ou chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit, sa kapab ede ou pou pa ni endispoze ni blese kote ou ta tonbe. Fè doktè w konnen si w santi vètij, oswa fè chanjman nan vizyon w, oswa si w santi zòrèy ou yo ap sonnen.
- Gen moun ki kab gen doulè nan zèpòl yo ki kab pi grav epi ki kab dire pi lontan pase doulè sa ki souvan rive yo aprè enjeksyon vaksen an. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèji grav. Kalite reyaksyon konsa aprè yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon blezi grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

**5****Kisa kap rive si gen yon pwoblèm grav?**

**Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki wo anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

**Kisa mwen ta dwe fè?**

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Ou otreman, rele klinik ou an.

Après sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen an). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS lan nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oubyen konpoze **1-800-822-7967**.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

**6****Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen**

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran blezi akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka blezi nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nan **1-800-338-2382** oubyen vizite sitwèb VICP an nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

**7****Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?**

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Pran kontak ak Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo):
  - Konpoze **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** or
  - Vizite sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Vaccine Information Statement  
**Hepatitis A Vaccine**

7/20/2016

Haitian Creole



42 U.S.C. § 300aa-26